



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



« Lang kreyòl ayisyen: yon zouti pou devlòpman dirab »

Pandan tout mwa oktòb la, Akademi Kreyòl Ayisyen envite tout sosyete a reflechi sou tèm mwa kreyòl 2023 a: **Lang kreyòl ayisyen: yon zouti pou devlòpman dirab.**

Sou chimen Akademi Kreyòl Ayisyen, nou te deja mete nou dakò sou sa: menm jan ak tout lang, kreyòl la gen prensip li, nou dwe respekte yo. Tan ap pase. Chak jou pi plis n ap viv kijan lang pèp ayisyen an marin an kotidyen li. Poudayè, lang se yonn nan eleman ki pèmèt yo idantifye yon pèp. Se yon mak idantitè.

Gwo save yo fè konnen, lang facilite dyalòg ant sivilizasyon yo e pratik montre nou tou kòman lang kapab rapwoche moun, menmsi yonn pa konnen lòt. Zouti kiltirèl sa a ki gen anpil pisans kapab ede sosyete yo oryante destine yo. Nan peyi Ayiti, nou wè enpak negatif, itilizasyon yon lang popilasyon an pa pale kapab genyen sou kalite edikasyon ak sou fonksyòman adimistrasyon piblik, legliz, elatriye. N ap viv enpak negatif sa yo, nou wè tou ki kalite rezulta katastwofik sa bay. Se yon gwo danje pou lavni timoun ak jèn yo. Pa gen dout nan sa, pi bon fason pou yon sosyete pran chimen devlopman, fòk lang li jwe premye wòl nan tout sa k ap fèt. Pou rezon sa a, nou kapab afime, lang kreyòl ayisyen se yonn nan zouti ki kapab ede nou pran chemen devlopman dirab ki reprezante alèkile yon gwo defi pou sosyete nou yo.

Daprè Òganizasyon Nasyonzini pou Lasyans ak Lakilti (UNESCO), lang se yon faktè kle nan devlopman yon sosyete. Pou ale pi lwen, ajans Nasyonzini an montre, lang lokal yo se yon mwayen ki kapab pèmèt sosyete yo rive ateri ak Objektif devlopman dirab yo (ODD). Kidonk, lang se enstriman esansyèl pou ranfòse idantite gwoup yo, kominate yo ak pèp yo.

Tèm Akademi Kreyòl Ayisyen chwazi pou mwa oktòb 2023 a : **« Lang kreyòl ayisyen: yon zouti pou devlòpman dirab. »**, dwe sèvi nou kòm limyè pou nou debouche sou yon peyi ki pran ray devlopman, pou gato a pi byen separe selon prensip ekite, yon fason pou nou tabli yon



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



sosyete ki pi jis ak egalité. Nou di devlòpman dirab paske non sèlman lang kreyòl ayisyen an se yonn nan mwayen Ayisyen itilize pou li konsolide fyète li kòm pèp, men tou se yon fenèt tou louvri ki pèmèt yon pèp antre an kontak ak lòt pèp kreyolofòn yo, lòt moun toupatou ki pale kreyòl. Devlòpman dirab se yon nosyon ki anvizaje pote repons ak bezwen jenerasyon k ap viv jodi a san li pa mete an danje jenerasyon k ap vini yo. Kidonk, devlòpman dirab la mete nou an fas responsabilite nou genyen jodi a anvè pwòp tèt nou pandan n ap veye pou nou pwoteje jenerasyon k ap vini yo. Gen twa (3) domèn nou kapab konsidere nan rapò ki kapab ekziste ant lang kreyòl la ak nosyon developman dirab nan ka pa Ayiti:

- **Edikasyon:** Lang lan jwe yon wòl primòdyal nan edikasyon. Se yonn nan eleman santral nan transmisyon lakonesans. Pou nou pi byen òganize sistèm edikatif la, lang popilasyon an, nou vle pale de lang kreyòl la, dwe nan wonn sant lan. Nan sans sa a, Akademi Kreyòl Ayisyen salye travay MENFP ki kòmanse pran bon jan mezi pou asire ansèyman an fèt nan lang timoun ayisyen yo depi yo nan premye ane lekòl.
- **Anviwònman:** Pi bon fason pou popilasyon an patisipe nan pwoteje anviwònman li, se pou espè yo itilize lang pèp la, pou fè pase mesaj ki gen rapò ak domèn nan. Yon langaj klè pèp la ka konprann, kit se mesaj sansibilizasyon, espòt, konferans ak divès lòt dokiman ofisyèl. AKA salye travay Ministè Anviwonnan ki koumanse mete dokiman Jesyon Ris ak Dezas nan la nan lang kreyòl;
- **Kilti :** Kòm pilye kiltirèl, lang lan patisipe non sèlman nan fè pwomosyon kilti peyi a, men tou se yonn nan eleman fondamantal nan idantifikasyon pèp la. Ofinal, lang kreyòl se yonn nan prensipal mak idantite ak kilti nasyon an genyen.

Tèm mwa oktòb 2023 a ban nou okazyon tou pou nou gade kèk lekòl k ap aprann timoun yo rejte sa Ayiti genyen kòm idantite, kilti ak valè... Sa vle di, yon lekòl ki kont Ayiti. Kounye a, nou anfas yon responsabilite istorik. Nou dwe konnen, tout pwojè sosyete nou anvizaje dwe konsidere lang pèp la pale epi konprann nan.



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Boutofen, Akademi Kreyòl Ayisyen vle mete aksan sou nesesite pou tout aktè konprann wòl ak enpòtans lang kreyòl ayisyen e ki kontribisyon li kapab pote nan devlopman peyi a, pandan li menm l ap fè tout sa ki depann de li pou li kontinye travay estandardizasyon an.

Konsa, Akademi Kreyòl Ayisyen envite tout moun, tout sektè, tout ministè, tout òganoizasyon kontinye bay lang kreyòl ayisyen an jarèt pandan n ap pale li, ekri li, chante li, fè rechèch ladan li, pou nou bati yon peyi kote chak gress Ayisyen santi yo fyè de lang yo, de kilti yo, de idantite yo.